

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan data sikep basa para *MC wedding* Bandung, bisa dicindekkeun yén sikep basa para *MC wedding* Bandung téh nyaéta bisa disebut positif kana basa Sunda sok sanajan masih kurang optimal. Dina pola makéna basa atawa basa anu dipaké komunikasi sapopoé ku *MC wedding* Bandung téh nyaéta leuwih réa kana basa Sunda nu hasilna di antarana. Jumlah pola makéna basa jeung mitra caterna nyaéta dibeunangkeun data nu ngagunakeun basa Sunda aya 34,8%, nu nyaritana maké basa Indonésia jeung mitra caterna aya 10,5%, tuluy anu ngagunakeun basa deungeun atawa asing nyarita jeung mitra caterna aya 1,5%, sarta nu nyarita jeung mitra catur ngagunakeun basa campuran aya 53,2%. Ari nyaritana *MC wedding* dina kagiatan sapopoé dibeunangkeun data anu ngagunakeun basa Sunda aya 15,4%, nu ngagunakeun basa Indonésia aya 10,1%, nu ngagunakeun basa Asing aya 3,4%, sarta anu ngagunakeun basa campuran aya 71,1%. Anu pamungkas nyaritana *MC wedding* Bandung dumasar kagiatan dibeunangkeun data anu ngagunakeun basa Sunda aya 25,1%, nu ngagunakeun basa Indonésia aya 17,1%, nu ngagunakeun basa Asing aya 0%, sarta anu ngagunakeun basa campuran aya 57,8%. Tina data katitén yén anu ngagunakeun basa Sunda mémang nuduhkeun jumlah anu leuwih saeutik tibatan anu ngagunakeun basa campuran. Basa Campuran anu dimaksud nyaéta basa anu digunakeunna nyaéta basa Sunda jeung basa Indonésia. Jadi, para *MC wedding* bisa disebutkeun masih kénéh sok maké basa Sunda sok sanajan dicampur jeung basa séjén. Éta hal balukarna ku lantaran nyaluyukeun jeung saha nu diajak nyaritana, ogé nyaluyukeun situasi jeung kondisi.

Salian ti ditiénan tina pola makéna basa, sikep para *MC wedding* Bandung dina ieu panalungtikan téh kapanggih dumasar tilu ciri sikep basa. Kahiji, sikep kasatiaan basana dibeunangkeun hasilna nuduhkeun sikep anu positif kana basa

Sunda, anu jumlahna aya 82,4%. Éta hal némbongkeun sikep anu hadé dina kasatiaan basa *MC wedding* Bandung kana basa Sunda. Tapi dina émprona, sok sanajan hasil tina data nuduhkeun sikep anu positif tapi dina kahirupan sapopoéna mah masih ngagunakeun basa campuran, anu nuduhkeun sikep anu kurang hadé kana basa Sunda. Dina kahirupan sapopoé, éta sikep positif téh kurang dilarapkeun dina kaayaan anu nyata anu antukna saeutik-saeutik éta sikep positif téh bisa robah jadi sikep négatif.

Anu kadua, sikep kareueus basa *MC wedding* Bandung kana basa Sunda anu nuduhkeun hasil anu sarua nyaéta nuduhkeun sikep anu positif sok sanajan masih kénéh kurang optimal kana basa Sunda, katitén tina hasil data nuduhkeun yén jumlahna aya 57,2% anu positif. Para *MC wedding* Bandung téh ngarasa sadar yén penting dina ngagunakeun basa Sunda di aréa publik (mall, bank, kantor, event), pentingna umajak ka batur pikeun ngagunakeun basa Sunda, pentingna ngawanohkeun basa Sunda pikeun ngaronjatkeun éksisténsina, pentinna ngamimitian ngobrol ngagunakeun basa Sunda, tur ngarasa sadar yén nalika ngagunakeun basa Sunda harti jeung maksudna leuwih katepikeun. Tapi, sarua balukarna jeung sikep kasatiaan basa, dina émprona mah sok sanajan tina data némbongkeun sikep anu hadé kana basa Sunda, tapi dina kahirupan sapopoéna mah tetep dina komunikasi réa ngagunakeun basa campuran anu némbongkeun sikep kurang reueus kana basa Sunda. Kidu deui, para réspondén ogé ngahasilkeun sikep anu positif kana anggapan yén Diajar basa Indonesia jeung jeung basa asing leuwih réa mangpaatna jeung nalika nyarita maké basa Sunda dihareupeun jalma nu teu ngarti basa Sunda dianggap teu sopan. Éta hal téh jelas pisan nuduhkeun kurangna sikep kareueusna kana makéna basa Sunda.

Anu katilu, mangrupa sikep kasadaran kana ayana norma basa atawa undak-usuk basa Sunda anu nuduhkeun sikep positif anu kurang optimal. Saluyu jeung hasilna anu bisa katitén tina data yén jumlah skala satuju pisan jeung satuju aya 62,8%. Para respondén sacara sadar nyebutkeun yén bisa ngagunakeun tatakrama basa Sunda ogé pentingna aya tatakrama basa Sunda. Tapi, ieu hal patukangtonggong jeung sikep satujuna kana pertélaan “tatakrama basa Sunda téh nyieun rasa kasieun nalika maké basa Sunda nu antukna basa Sunda teu dipaké”

jadi bisa katitén yén ayana sikep anu teu pageuh tina diri résponden kana sikep kasadaranna dina ngagunakeun basa Sunda. hasil data anu nuduhkeun sikep positif tina kasadaran kana ayana norma basa ogé dituduhkeun tina sababaraha pertélaan ngeunaan undak-usuk basa anu dijawab bener ku para *MC wedding* téh, ieu hal balukarna tina luhungna pangawuh kabasaan para réspodén anu ngahasilkeun ayana sikep positif kana kasadaran norma basana.

Dumasar data panalungtikan, diantara tilu ciri sikep basa, ditilik tina data anu pangdominanna katitén pangluhurna sikep positif nyaéta sikep kasatiaan basa para *MC wedding* Bandung. Sok sanajan dina kahirupan sapopoéna, basa anu digunakeun leuwih réa ku basa campuran, tapi sikep kasatiaanna kasebut positif anu jumlahna aya 82,4%.

Sikep basa *MC wedding* Bandung téh dipangaruhan ku dua faktor nyaéta faktor kasang tukang réspodén anu ngawengku asal-muasal réspodén jeung kasang tukang atikannana, anu kadua nyaéta faktor lingkungan sosialna anu miboga pangaruh gedé pikeun sikep basa para *MC wedding* Bandung.

5.2 Implikasi

Dumasar kana data hasil panalungtikan, pedaran, jeung kacindekan anu dipedar saméméhna, katitén yén sikep basa *MC wedding* Bandung kana basa Sunda téh sok sanajan némbongkeun data anu positif tapi can bisa disebutkeun yén basa Sunda na hadé. Sikep positif anu katitén téh masih kénéh can konsisten kulantaran aya sababaraha sikep anu nuduhkeun sikep basa para *MC wedding* anu kurang optimal tur bisa disebutkeun lila-lila éta sikep basana bisa robah kana sikep anu négatif.

Implikasi tina ieu panalungtikan téh di antarana dipiharep bisa ngamekarkeun paélmuan kabasaan hususna paélmuan sosiolinguistik, sarta pikeun ngaguar kaayaan sikep basa di masarakat kana basa Sunda ngaliwatan komunitas para *MC wedding* Bandung jeung dipiharep ieu panalungtikan bisa méré mangpaat hususna keur panalungtik umumna keur masarakat. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa jadi panggeuing pikeun masarakat supaya tuluy ngamumulé basa indungna nyaéta basa Sunda tur mikacinta budayana nyaéta budaya Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeunna ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun ku panalungtik, di antarana.

Kahiji, panalungtik kudu leuwih neuleuman deui sacara jero objék panalungtikan supaya bisa leuwih paham kana situasi jeung kondisi anu karandapan, tur leuwih ngalegaan ambahan panalungtikanna sangkan teu cupet dina meunangkeun informasi kabasaan nu aya di masarakat.

Kadua, para *MC wedding* leuwih hadé upama nambahan kamampuh tur leuwih neuleuman deui paélmuan kabasaanna, sangkan basa anu dipaké leuwih merenah dina nepikeun informasi nalika keur mandu acara di masarakat.

Pamungkas, panalungtikan ngeunaan kabasaan ka para *MC wedding* téh bisa dilegaan. Lain ngan saukur ngeunaan sikep basana hungkul, tapi bisa ogé ditalungtik ngeunaan ragem basana.